



Chè paran oswa responsab:

Sante pitit ou a enpòtan pou nou. Nan Lekòl leta Vil Nouyòk yo, kou Edikasyon Sante nan lekòl presegondè ak segondè yo gen ladan leson sou prevansyon vyolans ak chòk; aktivite sante sosyal, emosyonèl, ak sante mantal; nitrisyon ak aktivite fizik; prevansyon tabak, alkòl, ak prevansyon kont itilizasyon dwòg; ak sante seksyèl, ki gen ladan VIH. Kounye a plis pase avan, elèv yo bezwen aplike ladrès lavi yo aprann nan Edikasyon sante pou anpeche maladi, jwenn aksè nan enfòmasyon ak sèvis sante ki valab epi pran swen sante sosyal, emosyonèl ak mantal yo.

Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (*New York State Department of Education, NYSED*) mande pou yo ofri pandan yon semès kou edikasyon sante konplè ni nan lekòl presegondè ni nan lekòl segondè. Nan kou sa a elèv aprann viv yon vi ansante epi yo evite gen konpòtman ki mete yo an danje. Kou edikasyon sante pou klas segondè ak presegondè gen ladan leson sou sante seksyèl ki apwopriye pou laj pitit ou. Inite sa a gen ladan leson edikasyon sou VIH anyèl obligatwa leta egzije.

Kou sou sante seksyèl bay elèv enfòmasyon medikal presi ak ladrès pou kominike pou ede yo pran desizyon ki ka kenbe yo ansante ak lwen danje. Objektif nou genyen seanpeche jenn timoun lekòl angaje nan aktivite seksyèl twò bonè.

Nou konnen ke elèv nou yo ak fanmi yo gen divès kwayans, kilti ak koutim. Valè sa yo se gid prensipal, esansyèl pou lavi pitit ou a. Kòm yon paran/responsab legal, ou gen dwa pou fè pitit ou pa patisipe (opt out) nan kèk leson sou planin ak metòd prevansyon SIDA/maladi moun pran nan fè sèks (sexually transmitted infection, STI) . Ou pa ka anpeche pitit ou patisipe nan kou k ap pale sou abstinans seksyèl ak lòt kou edikasyon sante seksyèl. Si w gen kesyon sou ki leson ou ka anpeche pitit ou a patisipe, tanpri pale avèk direktè lekòl la, koòdonatè paran an, oswa pwofesè edikasyon sante nan lekòl pitit ou a.

Si w ta renmen retire pitit ou a nan kou k ap pale sou planin ak prevansyon HIV/STI, ekri yon lèt ba direktè lekòl pitit ou ye a. Ou dwe di nan lèt la ke :

- Pitit ou a pa dwe nan salklas la pandan kou sou planing ak metòd prevansyon VIH/enfeksyon moun pran nan fè sèks (STI); epi
- W ap bay pitit ou a ransèyman sou jan pou prevni maladi sa yo lakay ou.

Menm jan nan tout domèn, paran ak responsab yon timoun se premye pwofesè l ak pwofesè ki gen plis enfliyan sou li. Paran, responsab ak lekòl pataje menm objektif la: nou vle pou elèv tout laj ansante nan tout aspè lavi yo. N ap ankouraje w chita pale avèk pitit ou a sou sa l ap aprann nan klas la epi pataje sa w kwè sou jan pou rive viv ansante avèk li. Si w bezwen plis enfòmasyon sou kou edikasyon sante pitit ou a ap suiv la, pale avèk direktè ak pwofesè pitit ou a.

Bòn chans,

David C. Banks